

# PAJ ENFÒMASYON | Fevriye 2024

**STATE ROAD (SR) 953/NW 42 AVENUE WITH SR 948/NW 36 STREET AND SR 25/US 27/OKEECHOBEE ROAD (IRON TRIANGLE)**  
 Etid sou devlopman pwojè ak anviwònman

Konnti/Eta: Miami-Dade County, Florida  
 Nimewo jesyon finans pwojè a: 438521-1-22-01  
 Nimewo asistans federal pwojè a: Yo poko bay li  
 Nimewo biwo Desizyon pou bon jan transpò (ETDM): 14472

## REZIME

Seksyon wout ki pote non angle "The Iron Triangle" yo se kote kèk wout pase nan yon zòn iben ki gen kwazman wout sa yo ladan: SR 953/NW 42 Avenue, SR 948/NW 36 Street, ak SR 25/US 27/ Okeechobee Road. Kwazman wout sa yo gen ladan tou otowout "Greater Miami Expressway Agency (GMX) SR 112/Airport Expressway". Se youn nan otowout prensipal ki mennen moun ale vini sot nan Ayewopò entènasyonal Miami (MIA) epi ki al konekte ak I-95 epi ak Miami Beach. Met sou sa, ranp ki ale sou kwazman wout "Iron Triangle" yo travèse kanal (C-6) la nan Miami. Pwojè a travèse vil "Miami Springs", Vil "Hialeah", Vil Miami ak zòn ki pa enkòpore nan Miami- Dade County.

Rezon ki fè pwojè sa a fèt, se pou regle pwoblèm sikilasyon nan zòn nan epi amelyore kapasite wout yo, pou diminye blokis epi prepare pou demann transpò pi devan nan zòn kwazman wout Iron Triangle yo, espesyalman sou wout SR 953/NW 42 Avenue/LeJeune Road, SR 948/NW 36 Street, ak SR 25/US 27/ Okeechobee Road. Lòt objektif pwojè a se amelyore pwoteksyon moun sou wout sa yo epi amelyore koneksyon ant diferan zòn yo. Men kèk kritè ki montre nesosite pou pwojè sa a:

## OBJEKTIF

**KAPASITE/DEMANN TRANSPÒ:** Amelyore jan sikilasyon an ap mache, ajoute kapasite wout yo, diminye blokis, epi prepare pou demann transpò pi devan nan zòn nan.

**PWOTEKSYON:** Amelyore kondisyon pou pwoteksyon moun

**RAPÒ ANT MÒD TRANSPÒ YO:** Aktivite ranfòsman plizyè mòd transpò

- Ayewopò Entènasyonal Miami (MIA)
- Aksè a mwayen transpò anndan vil la epi pou deplase al lwen
- Transpò kago
- Wout pou pyeton



## APLASMAN PWOJÈ A



[http://www.southflroads.com/SR953\\_SR948\\_and\\_SR25.html](http://www.southflroads.com/SR953_SR948_and_SR25.html)



@MyFDOT\_Miami



@MyFDOTMiami

### MANADJÈ PWOJÈ FDOT

**Kira Leon, P.E.**

Depatman Transpò Eta Florid  
 1000 NW 111 Avenue Miami, FL 33172  
 Telefòn: 305.470.5207  
 Imel: kira.leon@dot.state.fl.us

### KONSILTAN MANADJÈ PWOJÈ

**Julieta Rivero-Manso, P.E**

Telefòn: 305.428.4353  
 Imel: jmanso@hanson-inc.com

### ESPEYALIS SANSIBILIZASYON KOMINOTE

**Dayana Sanjurjo**

Telefòn: 305.746.5829  
 Imel: dayana.sanjurjo@dot.state.fl.us

## ENFÒME W

## KI SA ETID PD&E A YE?

Yo konplete plan desen preliminè pwojè a ak tout fòm ki nesèse pou jwenn finansman pandan faz etid PD&E a. Revizyon ak analiz yo fè pou wè ki efè posib pwojè yo pwopoze a kab fè sou resous sosyal, ekonomik, natirèl, sou resous fizik ak resous kiltirèl kab fè sou anviwònman nan zòn nan, ladan tou.

## FINANSMAN

Yo deja enkli pwojè sa a nan bidjè FDOT pou ane fiskal 2022-2026 la nan Pwogram amelyorasyon transpò nan Eta a (STIP) epi yo deja finanse etid PD&E ak faz preparasyon plan pwojè a.

## KALANDRIYE

Etid PD&E sa a te kòmanse nan mwa jen 2023 epi y ap atann pou l fini nan ete 2025. Faz plan desen pwojè a ap kòmanse kou etid PD&E a konplè.

## PATISIPASYON POPILASYON AN

Patisipasyon piblik la se yon pati ki enpòtan anpil nan etid PD&E a, pou enfòmè popilasyon an sou pwojè a epi pou bay moun ki enterese yon chans pou yo pran pa nan devlopman pwojè a. Ap gen plizyè opòtinite pou moun pran pa nan rankont piblik yo epi nan diskisyon y ap fè ak moun kle nan zòn nan. Analiz anviwònman, konsiltasyon ak lòt demach Lwa Federal sou anviwònman egzijè pou pwojè sa a, se FDOT k ap suiv yo dapre atik 23 U.S.C. § 327 epi dapre Memorandòm Antant 26 me 2022 a, epi Biwo "Federal Highway Administration" ak FDOT ap mete yo ann aplikasyon. FDOT ankouraje popilasyon an pran pa san patipri pou kesyon ras, koulè, peyi youn moun soti, laj, sèks, relijyon, andikap, oswa èske youn moun marye oswa li pa marye.

FDOT pran angajman pou l asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan yo, biznis yo, ak vizitè yo pou satisfè bezwen transpò aktyèl yo ak bezwen transpò yo. Avantaj pwojè sa a genyen ladan yo:



Kominote



Sekirite



Resilians



Supply Chain



Teknoloji